

# ÀRTU: MËN NA AM MERKIIR

**Yenn diwu xeesal yi ak saabu yi dañoo am merkiir bu bari, ab weñ wuy loraate, doonte bokkul ci limu menjeef yi nu def ci kayitu tegtal gi.** Dañu leen wone ne ay diwu yaram yuy rafetal, ay diwu rocci wala ay poroduwi yuy leeral, weexal wala indi der buy nes-nesi.  Merkiir ab tooke la boo xamne mën na yàq sa yuur ak say roño ak indi ay jafe-jafe ci wàllu der.

- Bul mësa jëfandikoo ay poroduwi yuy leeral-yaram yu am merkiir ci menjeef yi nu lim. Su fekkee danoo lim menjeef yi wala déed, bul jàpp ni poroduwi bu wóor la.
- Moytul di jëfandikoo poroduwi yuy leeral-yaram yi ñu defaree bitim réew.
- Waxal sa doktoor mu defal la càmbaru deret ak saw ngir saytu merkiir su dee dangay jëfandikoo poroduwi yuy leeral-yaram.

Wooteel ci **311** wala nga seet **nyc.gov/hazardousproducts** ngir am yeneeni leeral te tegtal yiy wone li ci bon.

NYC Health

11.25 Wolof